

VAKSINASYON POU TOUT MOUN

Vaksen Rapèl COVID-19 yo Kesyon yo Poze Pi Souvan

Yo rekòmande vaksen rapèl COVID-19 yo pou tout moun ki gen 5 lane oswa pi gran ki fin pran seri vaksen prensipal kont COVID-19 yo (Moun ki gen 5 a 11 lane yo ki te resevwa Moderna antanke seri prensipal pako elijib pou vaksen rapèl yo). Timoun ki elijib ki gen ant 5 a 11 lane ta dwe resevwa vaksen rapèl monovalan orijinal Pfizer a. Moun ki gen 12 lane ak plis dwe resevwa vaksen rapèl bivalan ki ajou a.

Kisa ki yon vaksen rapèl?

Yon vaksen rapèl se yon dòz anplis nan yon vaksen apre w fin pran seri prensipal vaksen an, yo itilize l pou l ranfòse iminite kont viris la, paske pwoteksyon an ka diminye plis tan ap pase (se sa yo rele diminisyon iminite).

Kiyès ki ka resevwa yon vaksen rapèl?

Tout moun ki gen 5 pou rive 11 lane ta dwe pran yon doz vaksen rapèl monovalan orijinal pou pi piti senk mwa apre yo fin resevwa dezyèm dòz seri prensipal vaksen Pfizer a. Nan moman sa, moun ki te resevwa Moderna antanke seri prensipal pako elijib pou vaksen rapèl.

Pou moun ki gen 12 lane oswa plis, sèl vaksen rapèl ki otorize se vaksen rapèl bivalan ki ajou a. Moun ki gen 12 lane oswa plis paka pran vaksen rapèl monovalan orijinal la ankò.

Moun ki gen 12 lane oswa plis dwe resevwa yon dòz vaksen rapèl bivalan ki ajou pou pi piti de mwa après seri vaksen prensipal kont COVID-19 yo oswa après dènye rapèl la.

Vaksen rapèl bivalan Pfizer-BioNTech ki ajou a sèlman otorize pou moun ki gen 12 lane oswa pi plis; Vaksen bivalan Moderna ki ajou a sèlman otorize pou moun ki gen 18 lane oswa plis.

Kijan vaksen rapèl bivalan ki ajou a diferan de vaksen orijinal monovalan an?

Nouvo vaksen rapèl la se yon vaksen "bivalan" sa ki vle di se yon nouvo fòmilyasyon ki genyen yon konbinezon vaksen orijinal la anmen tan ak nouvo vaksen an ki sibler varyant Omicron an ak varyan segondè li yo, BA.4 ak BA.5. Se sak fè li "ajou."

Poukisa yo rekòmande yon vaksen rapèl?

Vaksen COVID-19 yo toujou efikas pou anpeche maladi grav yo, entène lopital ak lanmò akoz COVID-19. Men, etid yo montre pwoteksyon vaksen COVID-19 yo bay kont enfeksyon an ap diminye toutotan tan ap pase. Yon vaksen rapèl ka bay moun yo yon pwoteksyon anplis paske li ranfòse sistèm iminitè a espesyalman lakay moun ki gen gwo risk pou fè yon fòm grav COVID-19.

Ki kondisyon medikal ki ogmante risk yon fòm grav COVID-19?

Kondisyon medikal ki ogmante risk yon fòm grav COVID-19 yo se dyabèt, maladi kè (tankou tansyon wo), maladi ren kwonik yo, maladi poumon kwonik yo, maladi fwa, kansè, demans, VIH ak gwoès. Pou yon lis konplè ale sou: [cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/people-with-medical-conditions.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/people-with-medical-conditions.html)

Kiyès ki gen yon gwo risk pou li ekspoze a COVID-19 kote l ap travay la oswa nan yon lòt kad?

Djòb ki ka ogmante risk ekspozisyon a COVID-19 yo se travayè sante yo, pwofesè yo, pèsònèl gadri yo, ak anplwaye restoran ak makèt yo. Lòt kote ki ka gen yon gwo risk ekspozisyon yo se refij pou sanzabri ak prizyon yo.

Kòman m ap fè konnen si m bezwen yon vaksen rapèl?

Pale ak founisè swen sante w la si w gen kesyon sou opòtinite pou resevwa yon vaksen rapèl. Si w bezwen èd pou w jwenn yon founisè rele 311 oswa rele 212-COVID-19 (212-268-4319) epi pale ak yon enfimye pou w konnen si w elijib.

Èske moun ki ansent, nouris oswa moun k ap eseye ansent ka resevwa yon vaksen rapèl?

Moun ki ansent ak moun ki te fenk ansent gen gwo risk pou yo devlope yon fòm grav COVID-19 konpare ak moun ki pa ansent yo. Moun ki ansent yo dwe vaksinen kont COVID-19 la. Si moun ki ansent yo ranpli kritè elijiblite yo, yo ta dwe resevwa yon rapèl.

Ki ris ki genyen lè w resevwa yon vaksen rapèl?

Benefis ki genyen pou w resevwa yon vaksen rapèl plis pase risk yo. Jiskounya, reyaksyon yo sinyale apre yon vaksen rapèl yo se menm sa yo te obsève apre dòz inisyal yo. Fatig ak doulè nan bra sete efè segondè yo te pi souvan rapòte yo. Anpil nan efè segondè yo lejè a modere epi yo pase poukont yo.

Èske mak vaksen rapèl mwen an dwe menm ak pa vaksen mwen te resevwa pou premye fwa a?

Moun ki vaksinen yo ka pran menm vaksen yo te resevwa antanke seri vaksen prensipal yo oswa vaksen rapèl avan an oswa yo ka pase nan youn nan de lòt kalite vaksen yo.

Si nou bezwen yon vaksen rapèl, èske sa vle di vaksen yo pa mache?

Non. vaksen COVID-19 yo mache byen pou anpeche maladi grav, entènè lopital, ak lanmò. Toutfwa, ekspè nan sante piblik yo kòmanse konstate yon ti diminisyon nan pwoteksyon an toutotan tan ap pase, espesyalman lakay kèk popilasyon ki gen gwo risk.

Kibò m ka pran yon vaksen rapèl Gratis

Vaksen rapèl Pfizer ki ajou yo disponib nan 11 lopital ki nan sistèm NYC Health + Hospitals yo. Vaksen rapèl Moderna ki ajou yo disponib sou nenpòt sit NYC Health + Hospitals/Gotham Health. Ou pa bezwen ale menm kote ou te resevwa seri vaksen prensipal yo oswa premye vaksen rapèl la. Disponib san randevou kèk kote. Rele 1-877-829-4692 pou w ka jwenn èd nan plizyè lang.

Èske mwen ka resevwa yon vaksen rapèl anmenm tan ak lòt vaksen yo (tankou vaksen kont grip la)?

Wi. Li pa yon pwoblèm pou w resevwa yon vaksen rapèl anmenm tan ak lòt vaksen, oswa nenpòt moman avan oswa apre. Si w poko resevwa vaksen kont grip ou a, tou de ap disponib nan lopital swen entansif NYC Health + Hospitals yo.

Èske mwen bezwen yon vaksen rapèl pou m konplètman vaksinen?

Non. yo konsidere yon moun konplètman vaksinen de semèn apre dezyèm dòz yon vaksen a de dòz (tankou Pfizer oswa Moderna) oswa de semèn apre dòz inik vaksen J&J nan.

Èske vaksen rapèl yo ap obligatwa?

Obligasyon vaksinasyon Eta Nouyòk la pou travayè sante yo aplike sèlman pou premye ak dezyèm dòz la. Obligasyon an pa gen vaksen rapèl yo ladan l.

Èske yo rekòmande vaksen rapèl yo pou timoun?

Nan moman sa, yo ankouraje tout moun ki gen 5 lane oswa plis pou yo pran yon vaksen rapèl (Moun ki gen 5 lane pou rive 11 lane ki te resevwa Moderna antanke seri prensipal pako elijib pou rapèl). Moun ki gen ant 5-11 lane ki te deja resevwa premye seri Pfizer a sa gen plis pase 5 mwa elijib pou vaksen rapèl monovalan an sèlman. Timoun ki gen 12 lane oswa plis elijib pou vaksen rapèl bivalan Pfizer ki ajou a epi sa ki gen 18 lane oswa plis elijib pou vaksen rapèl bivalan ki ajou de mwa apre seri vaksen prensipal kont COVID-19 la oswa apre dènye rapèl la.